

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

### IDENTITAS SEKOLAH, SK, KD, INDIKATOR, ALOKASI WAKTU

NAMA SEKOLAH	SMAN 6 BANDUNG
MATA PELAJARAN	Bahasa Sunda
KELAS/SEMESTER	XII (dua belas) / 1 (satu)
ASPEK PEMBELAJARAN	Menulis (Nulis)
STANDAR KOMPETENSI	12.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk puisi, esai, dan teks drama.
KOMPETENSI DASAR	12.4.2 Menulis esai berdasarkan topik tertentu
INDIKATOR	<ul style="list-style-type: none"><li>- Dapat mengidentifikasi ciri-ciri esai.</li><li>- Dapat menentukan atau memilih topik dan tema esai.</li><li>- Dapat merincikan pokok-pokok esai dalam kerangka karangan.</li><li>- Dapat membuat pembukaan dan penutupan yang baik.</li><li>- Dapat menyajikan ide, pendapat, dan simpulan dalam bagian-bagian atau paragraf yang jelas serta dalam kalimat yang efektif.</li><li>- Dapat mengidentifikasi kalimat yang tidak efektif dalam gejala pleonasme dan gejala hiperkorek.</li></ul>
ALOKASI WAKTU	2 x 45 menit (2 pertemuan)

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

## I. TUJUAN PEMBELAJARAN

Siswa mampu mengidentifikasi ciri-ciri esai, menentukan topik dan tema, merincikan pokok-pokok esai dalam kerangka karangan, membuat pembukaan dan penutupan yang baik serta menyajikan ide, pendapat, gagasan dan simpulan dalam paragraf yang jelas, serta mengidentifikasi kesalahan leksikal yang terdapat dalam tulisan esai melalui penugasan dan tanya jawab dengan guru serta melalui kegiatan diskusi kelompok.

## II. MATERI AJAR

Ésény nya éta karangan wangun lancar (prosa) nonfiksi anu medar hiji perkara kalawan singget tur saules tina puseur panyawang pribadi nu nulisna. Ésény kawangun ku bagian bubuka, eusi, jeung panutup. Ciri-ciri séjénna nya éta biasana ésény medar hiji pasualan umum kalawan singget, tanggapan pribadi nu nulis (subjéktif) sarta karangan mandiri tur bébas luyu jeung minat katut kaahlian nu nulisna. Demi dina ieu pangajaran, siswa diperedih sangkan mampuh niténan ciri-ciri ésény pikeun nyusun ésény kalawan luyu tur merenah boh runtuyanana boh basana.

## III. METODE DAN MODEL PEMBELAJARAN

### a. Metode Pembelajaran

- Diskusi kelompok
- Tanya jawab
- Penugasan

### b. Model Pembelajaran

Model Pembelajaran CIRC (*Cooperative Integrated and Composition*)

#### IV. LANGKAH-LANGKAH PEMBELAJARAN

Tahap	Kegiatan Pembelajaran	Nilai Budaya dan Karakter Bangsa
Pembuka (Apersepsi)	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Guru menegur sapa dan mengabsen.</li> <li>- Guru menyampaikan tujuan dan program kegiatan</li> <li>- Guru mengadakan apersepsi dan memotivasi siswa untuk belajar lebih giat.</li> <li>- Guru membagi kelompok dan mengondisikan siswa untuk berdiskusi.</li> <li>- Guru memberikan contoh esai.</li> </ul>	Bersahabat / komunikatif
	<p>Kegiatan Inti</p> <p>(Eksplorasi)</p> <p>Dalam kegiatan eksplorasi:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa mengidentifikasi ciri-ciri esai.</li> <li>- Siswa menentukan atau memilih topik dan tema esai.</li> <li>- Siswa merincikan pokok-pokok esai dalam kerangka karangan.</li> </ul> <p>(Elaborasi)</p> <p>Dalam kegiatan elaborasi:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa membuat pembukaan dan penutupan yang baik.</li> <li>- Siswa menyajikan ide, pendapat, dan simpulan dalam bagian-bagian atau paragraf yang jelas.</li> <li>- Siswa mengidentifikasi kalimat yang tidak</li> </ul>	Kreatif dan tenggang rasa

	<p>efektif dalam gejala pleonasme dan gejala hiperkorek.</p> <p>(Konfirmasi)</p> <p>Dalam kegiatan konfirmasi:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa menyampaikan hasil diskusi.</li> <li>- Siswa bertanya tentang hal yang belum dipahami.</li> <li>- Siswa menyimpulkan tentang esai.</li> </ul>	
<p>Penutup (Internalisasi dan refleksi)</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Siswa menjawab soal-soal untuk melakukan kilas balik mengenai konsep penting tentang esai yang telah dipelajari.</li> <li>- Siswa mengaplikasikan kecakapan hidup (<i>life skill</i>) yang dipetik dari pembelajaran yang telah diikuti ke dalam kehidupan sehari-hari.</li> </ul>	<p>Gemar membaca</p>

## V. SUMBER BELAJAR

- Buku ajar *Waruga Basa Kelas XII*
- Lingkungan masyarakat sekitar siswa

## VI. PENILAIAN

### a. Teknik dan Bentuk

- Tes tertulis
- Tagihan tugas

### b. Instrumen/soal

1. *Baca conto karangan éséy ieu di handap kalawan gemet!*
2. *Tuliskeun kekecapan anu teu merenah (pléonasme jeung hiperkorék) dina éta karangan!*
3. *Pék tulis hiji karangan wangun éséy! Topikna ngeunaan kapahlawanan!*

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

### Pedoman Meunteun Éséy

No.	Aspék anu dipeunteun	Skala Peunteun				Skor
		3	2	1	0	
1.	Aktualisasi topik					
2.	TékNIK mekarkeun tulisan					
3.	Éjahan jeung tanda baca					
4.	Kasalahan Léksikal					
5.	Diksi					
Jumlah Skor						
Peunteun						

#### Katerangan Pedoman Meunteun Éséy.

1) Aktualisasi topik

Skor 5 = Topik anu dipatalikeun aktual pisan

Skor 4 = Topik anu dipatalikeun aktual

Skor 3 = Topik anu dipatalikeun cukup aktual

Skor 2 = Topik anu dipatalikeun kurang aktual

Skor 1 = Topik anu dipatalikeun henteu aktual

2) TékNIK mekarkeun tulisan

Skor 5 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna hadé pisan

Skor 4 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna hadé

Skor 3 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna cukup hadé

Skor 2 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna kurang hadé

Skor 1 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna henteu hadé

3) Éjahan jeung tanda baca

- Skor 5 = Sakabéh éjahan jeung tanda baca bener
- Skor 4 = Aya 1-4 éjahan jeung/atawa tanda baca nu salah
- Skor 3 = Aya 5-8 éjahan jeung/atawa tanda baca nu salah
- Skor 2 = Aya 9-11 éjahan jeung/atawa tanda baca nu salah
- Skor 1 = Leuwih ti 11 éjahan jeung/atawa tanda baca nu salah
- 4) Kasalahan léksikal (gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme)
- Skor 5 = Henteu aya kasalahan léksikal
- Skor 4 = Aya 1-4 kasalahan léksikal
- Skor 3 = Aya 5-8 kasalahan léksikal
- Skor 2 = Aya 9-11 kasalahan léksikal
- Skor 1 = Aya leuwih ti 11 kasalahan léksikal
- 5) Diksi
- Skor 5 = Nyusun kalimahna kompléks tur merenah, pilihan kecap saluyu jeung eusi éséy
- Skor 4 = Nyusun kalimahna basajan tur merenah, pilihan kecap saluyu jeung eusi éséy
- Skor 3 = Nyusun kalimahna cukup merenah, pilihan kecap henteu saluyu jeung eusi éséy
- Skor 2 = Nyusun kalimahna kurang merenah, pilihan kecap kurang saluyu jeung eusi éséy
- Skor 1 = Nyusun kalimahna henteu merenah, pilihan kecap henteu saluyu jeung eusi éséy

## RIWAYAT HIRUP



Mimiti kuring ngarénghap langsung tina hawa marcapada Garut téh tanggal 10 April 1991 katompérnakeun. Budak lalaki panggedéna najan lanceuk boga tilu, awéwé kabéh, kakara nu jadi adi lalaki deui téh, hiji-hijina. Gubrag jeung gedé di Garut najan getih nu ngamalir dina diri mah kamalir ti Singapura, Tasikmalaya ti nu jadi indung, Yati Masyati Roslaeni jeung bapa, Teteng Ruganda.

Nyukcruk élmu dimimitian ku asup TK Muslimat NU di Garut (1995-1996), tuluy ka SDN Pakuwon 1 Garut (1996-2003), SMPN 1 Garut (2003-2006), SMAN 1 Tarogong Kidul –ayeuna mah SMAN 1 Garut- (2006-2009). Sabada tamat SMA, langsung diteruskeun ka UPI Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah atawa Basa Sunda. Saéstuna, asup ka Basa Sunda téh lain pilihan utama, tapi pilihan kahiji lantaran ngudag STAN baheula téh. Sabada adug-adugan ngudag STAN, ari asup mah ka Sunda, horéng ieu téh tarik du'a ti nu jadi indung. Alhamdulillah Allah maparin nu panghadéna keur kuring, Basa Sunda. Jaba ti éta, alhamdulillah taya kendatna ngucap sukur ka Gusti Nu Mahasuci tur Maha Kawasa nu geus nepungkeun kuring jeung batur satungtung hirup di alam dunya ogé batur hirup salilana di ahérat, Ulfah Milati Hanifah, saméméh tamat kuliah di UPI.

Salila kuliah, kungsi milu sababaraha organisasi. Di jurusan sorangan remen ilubiung dina kagiatan HIMA Pensatrada, hususna Rohis, mungkas bakti ka HIMA téh mangsa jadi koordinator pasanggiri debat RBS taun 2012 kamari. Najan kitu, kuring mah teu boga jabatan struktural di HIMA lantaran pagedrug jeung aturan nu nganggap kuring can lulus Mitra Sunda. Tapi, teu leungiteun tempat pikeun mekarkeun kamampuh organisasi kayaning *leadership, time*

**Aditya Ruganda, 2013**

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

*management*, jeung *people management* mah lantaran kuring jadi pangurus Thifan Tsu Fuk jeung Program Tutorial (PT) UPI Pusat Bumi Siliwangi.

Di Thifan Tsu Fuk kuring diajar élmu kungfu Islam, kungfu asal China tapi disaluyukeun jeung ajaran Islam kayaning teu kudu ngahormat waktu rék tanding atawa *turgul*, cukup ku sasalaman biasa. Alesanana téh yén manusa mah ukur ruku ka Gusti Allah lain ka sasama. Tapi, teu lila di ieu organisasi lantaran capé teuing jeung riweuh ku jurusan mun aya kagiatan jeung PT nu miboga jadwal matuh.

Saéstuna jadi pangurus PT téh teu diniatan sama sakali, tapi lantaran waktu program Tutorial Mata Kuliah PAI miluan program husus *Bina Kader* (Binder), kuring kapeto jadi pupuhuna atawa ilaharna disebut Komandan Binder pikeun angkatan X, antukna kudu jadi pangurus PT. Sajujurna, asup ka PT téh asa sasab, tapi horéng sasab dina jalan bener nu nuduhkeun kana bebeneran jeung nyaangan kana diri nu poék, poék ku élmu agama. Mimiti asup téh magang di Bidang Tutorial Terpadu (BTT), tuluy jadi staf di Kaderisasi Eksternal jeung mungkas di Kaderisasi Internal PT. Alhamdulillah, asa karasa leuwih loba mangpaat lahir batin miluan organisasi nu dadasarna agama dibanding nu séjén mah. Nuhun, Gusti.